

## ÆМБАЛÆН КА НÆ БÆЗЗА, УОМÆН ДÆ КУСТÆГТÆЙ МАЦИ БАРÆ КÆНÆ!..

*Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: «Дæхецæн æмбал ку равзарай, уæд адæмæн равдесдзæнæ дæхе фæлгонц, байгон кæндзæнæ дæхе зæрдæ... Фæндуй дæ, цæмæй дæ адæм нимайуонцæ, е?.. Мадта уæд зундгин, кадгин адæймæгути хæццæ æмдзæхдон уо...» Аци фæдзæхст бæргæ исбæззидæ нин абони дæр – нуртæккæ дуйней цитæ цæуй, уонæмæ гæсгæ Уæрæсей дæр лæмбунæгдæрæй æвзарун гъæуй, æмбалеуæг кæнун ке хæццæ æнгъезуй, уой...*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№19 (939) 2024 анзи 31 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


### АРФÆ КÆНÆН!..



## ЛÆГИ АРФИАГ ФÆЛЛОЙНÆН – АККАГ КАДÆ!..

Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Лæги арфиаг фæллойнæн аккаг кадæгонд гъæуама цæуа!..» Уобæл арази уогæй, хъæбæр æхцæуæн нин адтæй æцæгæй цийнаг хабар: берæ æнзти дæргъи е 'нæзæрдихудт куст æма фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй Уæрæсей Федераций Президенти Указмæ гæсгæ **Битарти Зелимхани фурт Вячеслав** хуарзæнхæгонд æрцудæй «Кади орден»-æй.

Федарæй ни æруагæс кæнуй, Битари-фурт бæрзонд паддзахадон хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд ке 'рцудæй, е æхцæуæн æй нæ Иристони еугур дзиллæн дæр, зæрдиагæй ибæл цийнæ кæнунцæ. Уомæн æма 'й нæ еугур дæр зонæн, æ рæстуод фæллойнæй нæ республикæн дæр æма нæ адæмæн дæр цæйбæрцæбæл берæ хуæрзти бацудæй æма цæуй, уой.

Уæлдай зæрдæхцæуæнæй ин арфæ кæнæн мах дæр – газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив – мах дæр си хайгин ан æ ауодундзийнадæй. Уомæй си хъæбæр боз ан, æма ин нæ зæрдæ зæгъуй уоди федардзийнадæ, æнæнездзийнадæ, никки агъазиаудæр æскъуæлхтдзийнæдтæ ин бантæсæд нæ Иристони сæрбæлтау, нæ дзилли хуарзæн.

*Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив*

### ХУÆРЗГÆНÆГИ ХУМÆ – ФАРНÆЙ ТИЛЛÆГГУН...



ЦÆРИКЪАТИ Рими нæ дзиллæн амонун нæ гъæуй. Искурдиадæгин драмон актрисæ æма зартæгæнæг, нæ республики æскъуæлхт актрисæ, е зундгонд æй, куд æ исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдтæй, уотæ æ хуæрзауодæн архайдæй, æ рохситауæн хъæппæрестæй. Æрæги ба ин Мæскуй адæмихæттити Хæдзари арæзт æрцудæй исфæлдистадон изæр. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

### НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ



## НÆ КÆСТÆРТÆ – НÆ ЗÆРДИРАЙ!..

Дуйней æртинсæй паддзахадемæй фулдæреми сæрдæ райдайуй алæмæти зæрдæхцæуæн бæрæгбонæй – 1 июни бæрæггонд фæццæуй сувæллæнттæ гъæуай кæнуни Бон. Федарæй уотæ зæгъунгъон ан, æма дуйнебæл цидæриддæр бæрæгбæнттæ ес, уонæн е æй сæ тæккæ ахсгиагдæртæй еу. Куд æма кутемæй исæвзурдæй, ци æгъдæуттæ æма ин фæткитæ ниффедар æй, уой уин цубурæй уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан.

Сувæллæнттæ гъæуай кæнуни Бон иснисан кæнун æма 'й еугурдуйнеуон бæрæгбонбæл банимайуни туххæй унаффæ хаст æрцудæй 1949 анзи силгоймæгти Еугурдуйнеуон демократонфедераций конгресси.

2

## «ÆНÆМЕЛГÆ ПОЛК»



ХЪОДЗАСТИ Плани фурт Капой (1904-1943)



ХЪОДЗАСТИ Плани фурт Арусан (1919-1995)



ХЪОДЗАСТИ Плани фурт Петр (1915-1945)



ХЪОДЗАСТИ Хъасболати фурт Данел (1915-1941)



ХЪОДЗАСТИ Плани фурт Бола (1916-1943)

***Цæгат Иристони нæдтæ цалцæг кæнунæн дехгонд æрцæудзæнæй 5,5 миллиард соми. Етæ гъæуама харзгонд æрцæуонцæ еу æма æртинсæй нади нури домæнтæма гæсгæ райаразунæн. Нуртæккæ уæхæн куститæ цæунцæ федералон нæдти дууадæс километрæбæл, фæуунтæбæл æй Транскамиасткилометрон хайии капиталон цалцæг.***

## АХСГИАГ МАДЗАЛ




«Устур Кавказ – еу дегизæй иннæ денгизмæ!..» Уæхæн медеси хæццæ 15-17 июли Цæцæни Республики сæйраг сахар Грознай арæзт æрцæудзæнæй аллиансон Кавказаг форум. Куд нисангонд цæуй, уотемæй уоми архайгутæ се ʼргом фулдæр раздахдзæнæнцæ агропромышленнон комплекси, амалгъонади, промышленности, транспортон æма энергетикон инфраструктурæ æма экономики иннæ къабæзти райрæзтмæ, банктæ æма иннæ финансон структурити кусти нивæбæладæмæ, социалон æма гуманитарон проекттæ æнхæст кæнунмæ. Аци ахсгиаг мадзали архайгутæй исуодзæнæй Цæгат Иристон дæр. Æма нуртæккæ куст цæуй цæттæгæнæн мадзæлттæбæл.

## ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДÆ



Æ тæккæ тæмæни æй, халсарти кустгæнæн гъардæнтти комплекс «Аланий» арæзтадæ. Е ахæссуй æртинсæй гектаремæй фулдæр фæзуат, æма куд нисангонд цæуй, уотемæй е анзи дæргъи дæтдзæнæй пъæмидорти 34 мин тонни. Кустут косдзæнæй æнæсцохæй анзи дæргъи, æ продукци ба фæлхасгонд цæудзæнæй куд нæхе республики, утæ Уæрæсей еугур рауæнти дæр. Æ продукци фиццаг хай комплекс гъæуама дæттун райдайа 2025 анзи, æ гæнæнти æмбæрцæ косун ба райдайдзæнæй 2026 анзи. Аци комплекс арæзт ке цæуй, уой хуарздзийнæдтæ берæ æнцæ: еуемей республикæ хуæздæр ефтонггонд цæудзæнæй халсартæй, иннемæй ба нæмæ фæззиндзæнæй зингæ берæ косæн бунæттæ дæр.

## ÆФТУЙÆГТÆ ÆМА ХÆРЗТÆ




Цæгат Иристони финансти министри фиццаг хуæдæййевæг Оксанæ Карова куд фегъосун кодта, уотемæй аци анзи фиццаг квартали республикон бюджети æфтуйæгтæ рауадæнцæ 11 миллиард æма 88 миллион соми, хæрзтæ ба иссæнцæ 11 миллиард æма 359 миллион соми, гъома, бюджети кадаварздзийнадæ рауадæй 271 миллион сомей бæрцæ. Министри хуæдæййевæги загъдмæ гæсгæ, уонæн сæ фулдæр хай (57,8 проценти, кенæ 6 миллиарди æма 862 миллион соми) адтæнцæ социалон-культурон къабази хæрзтæ. Цæгат Иристони æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади фæзуатон фонди бюджети æфтуйæгтæ, æ разамонæг Дзæгъойти Алани загъдмæ гæсгæ, фарæ иссæнцæ 11 миллиарди æма 418 миллион соми, (пълангонд нисантæн сæ 100 проценти), хæрзтæ ба рауадæнцæ 11 миллиарди æма 399 миллион соми.

## НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ

### НÆ КÆСТÆРТÆ – НÆ ЗÆРДИРАЙ!..

Уомæй сæ фæндадтæй, цæмæй зæнхи цъарæбæл еугур рауæнти дæр æнæмæнгæ арæзт цæуонцæ кæстæр фæлтæрæн сабур доги амондгун æма нивгунæй гъомбæл кæнуни равгитæ æма фадуæттæ.

Бæрæгбони рæстæг ци игъæлдзæггæнæн мадзæлттæ арæзт æрцæуй, етæ баст фæуунцæ ирæзгæ фæлтæри царди хæццæ. Кæстæртæ сæхуæдтæ дæр сæ бæлдитæ æма мондæгтæ бавдесунцæ аллихузон фæрæзнити фæрци.

Уæлдай деси ба адæймаги æфтаунцæ, сувæллæнттæ тугъди æма фудракæндтити нихмæ ци тохгæнæг плакаттæ исаразунцæ, етæ. Деси ба уомæ гæсгæ æфтаунцæ, æма сабийтæ дæр ма се ʼнагъон удтæй ку лæдæрунцæ, тугъд ци тогниккалд æма мæлæт хæссуй дзиллитæн, уой, уæд хестæртæн ба е уоййасæбæл æнæлæдæрд æй æма еудадзуг æверхъау хæлхъойтæ аразунцæ дуйней аллирауæнти, нæ ирæзгæ фæлтæрти сæ исонибони райдзастдзийнадæй фудевгæд кæнунцæ. Куд хуарз уидæ, сабийти дзурдмæ хестæртæ ахиддæр ку игъосиуонцæ, уæд. Хуарз уидæ, сабийтæ куд лæдæрунцæ, тугъд ци зæран хæссуй, уой, утæ ʼй хестæртæ дæр ку лæдæриуонцæ, уæд...

Сувæллæнттæ гъæуай кæнуни бæрæгбони рæстæг нæ бæсти еугур скъолати æма рæвдауæндæнтти арæзт æрцæунцæ аллихузон мадзæлттæ – спортивон еристæ, исфæлдистадон æркæститæ, викторинитæ æма æндæр уæхæн гъуддæгутæ.

Нæ цубур радзубандий кæронбæттæни ба нæ фæндуй зæгъун утæ: «Уадзæ æма нæ нæ кæстæр фæлтæри хор æ фæлмæн тунтæй рæвдауа алкæддæр, цардгъон уонцæ, зæрдрохсæй æма амондгунæй ирæзонцæ!..»

Никки ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма аци бæрæгбон Цæгат Иристони уæлдай цитгинæй гъæуама бæрæггонд æрцæуа ахсгиаг историон цаумæ гæсгæ – дæс æма дууинсæй анзей размæ, 1974 анзи 1 июни Дзæуæгигъæуи игонгонд æрцудæй нæуæгдзаути республикон Галауан. Уой фæдбæл абони мухур кæнæн Гуцмазти Алли имисуйнæгтæ – е Галауанæн сауæнгæ æ байгон кæнунæй фæстæмæ берæ æнзти дæргъи адтæй æ разамонæг. Æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

## АЛЦИДÆР ГЪÆУАМА АРÆЗТ ЦÆУА НÆ РЕСПУБЛИКИ ГЪОМУСАДИ ИРÆЗТÆН, НÆ АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН

# НИСАНТИ УÆЛЕУÆГДЗИЙНАДÆ ХУЗÆНОН КУСТÆЙ ÆЙ!..

***Зундгонд куд æй, уотемæй нæ республики Сæргъæлæууæг Сергей Меняйло æрæги æ аллиансон доклад-нистауæни бæлвурдæй фæннисан кодта Цæгат Иристони идарддæри социалон-экономикон æма культурон райрæзти нисантæ. Æма нин цæмæй етæ æнхæстæй бантæсонцæ, уой фæдбæл ба куст æвæстеуатæй райдайун гъæуй. Уой фæдбæл æй нæ идарддæри дзубанди.***



### Æ ИХÆСТÆ ÆНХÆСТ КÆНУНÆЙ ТИЛЛЕФГÆНÆГ – ЗÆРАНХÆССÆГ...

**Сергей Меняйло** æ доклад-нистауæни сæрмагондæй е ʼргом раздахта, нæ республики транспортон къабази уавæрмæ. Æ загъд уотæ адтæй:

– Аци бон ма хъæбæр æдзæллаг уавæри ка ʼй, еци æздæхтбæл – бæлццæнттæ ласуни гъуддагбæл дæр косæн. Хецæн адæймæгути къохтæмæ ке бахаудтæнцæ автовагзалтæ, электротранспорти сахайраг депо, сахари медæгæ æма муниципалитетти ʼхсæн косæг маршруттæ, уомæ гæсгæ исæвзурдæй, идарддæр бухсæн кæмæн нæбал ес, уæхæн уавæр. Фарæ исфедар кодтан сæрмагонд программæ æма бацæттæ кодтан гъæугæ гæгъæдитæ уавæр цæхгæр раййевуни тухххæй. Устур куст нæ бакæнун гъæуй. Абони е нæ къохи ку бафтуйа, уæд федæни дæсгай æнзти ахсгиаг траспортон къабазæ зæрдæдзоруйнаг нæбал уодзæнæй...

Транспортон къабази архайди фæткитæ нури домæнттæма гæсгæ райаразунбæл куст ке цæуй, уомæн еу æвдесæн иссæй, Сергей Меняйло республики прокуратури, медгъуддæгути министради минæвæртти хæццæ ци фембæлд исаразта, е дæр. Дзубанди си цудæй бæлццæнттæ ласуни гъуддаг фæррæвдзæ дæр кæнуни фарстатæбæл.

Республики разамонæг куд загъта, уомæ гæсгæ еугур хъæуритæй дæр архайунцæ бæлццæнттæ ласуни гъуддаг банивæбæл кæнунбæл, закъони бундормæ ʼй раййевунбæл. Уомæ гæсгæ ахсгиаг æй транспортон реформæ царди рауадзун, социалон ахедундзийнади хæццæ фарста «аууонæй» ракæнун.

Транспорт æма фæндаггон инфраструктури комитети сæрдар **Солити Тариэль** куд радзурдта, уотемæй нуртæккæ кустуат «Октябрьское»-йи бæрни ес 160 транспортон карти. Уотемæй ба нæдтæмæ рарветуй 5-12 машини, æма уомæ гæсгæ адæм тухсунцæ. Республики Прокуратурæ рартаста «Октябрьское»-йи организаций берæ барадæйихæлдтитæ, «Ространснадзор» сæмæ административон бæрнондзийнадæ бадомуни тухххæй балæвардта фараст гъуддаги, æртæ æрмæги нуртæккæ ʼнцæ тæрхондони.

Сергей Меняйло исæвардта маршрутти хæццæ æмдзогæнæг транспорт рарветуни ихæстæ:

– Адæми ка ласуй, е кæд æ ихæстæ не ʼнхæст кæнуй, уæд æхе дæр гъæуама дзæбæх ма ʼнкъара. Уони гъуддæгутæ æвзурст цæудзæнæнцæ тæрхондони, мах ба гъæуама исаразæн фадуæттæ бæлццæнттæн.

Солити Тариэль радзурдта, тагъд рæстæги ке балхæндзæнæнцæ, еци транспорти тухххæй. Уотемæй кустуат «Октябрьское»-йи æ маршруттæй еуваргонд æрцæудзæнæй.

Æмбурди ци дзубанди рауадæй, уомæн æ еумæйаг гъуди уæхæн адтæй: «Æ комкоммæ ихæстæ хузæнонæй ка не ʼнхæст кæнуй, уони хæццæ нин неци кустаг ес. Уомæн æма тиллефгæнæгти хæццæ гъуддаг хузæнонæй исаразæн нæййес...»



### ÆНÆНЕЗ АДÆЙМАГ – ÆНÆНЕЗ ÆХСÆНАДÆ...

Æ доклад-нистауæни Сергей Меняйло бæлвурдæй æрдзубанди кодта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази уавæрбæл. Æма си ци фарстати кой искодта, уони фæдбæл абони ци арæзт цæуй, уомæ æрæги æркастæнцæ нæ республики Хецауади æмбурди.

Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг, республики архитектурæ æма арæзтади министр **Отарати Георги** куд загъта, уотемæй исаразун гъæуй тарнезæй сæйгити номхигъд 2024 анзæн, цæмæй еци сæйгитæн цæрæнуæттæ райсунæн сертификаттæ лæвæрд æрцæуа, уой тухххæй. Куд загъта, уотемæй аци фарстай фæрци тарнезæй сæйгæ уæлбаргин (льготон) къуармæ хаст граждæнтæн сæ цæрæн уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн паддзахадон агъаз амунд цæуй. Зæгъæн, 2022-2023 æнзти тарнезæй сæйгæ граждæнтæ кæми ес, уæхæн бийнонтæй фондзсæдемæн сæ цæрæн уавæртæ гъæугæ хузи хуæздæргонд æрцæудæнцæ, уой тухххæй син дехгонд æрцудæй 1,6 миллиард соми æхца.

– Ахсгиаг æй идарддæр дæр аци архайд æнхæст кæнун, – загъта Отарати Георги.

Онкологон æма зæрди-тогдадзинтти незти нихмæ тох кæнуни мадзæлттæ кæддæриддæр хъæбæр ахсгиаг æма вазуггин адтæнцæ. Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан** куд радзурдта, уомæ гæсгæ уæлдæр амунд незтæй сæйæг сæйгитæн гъæугæ æма хуæрзгъæдæ медицинон агъаз бакæнуни нисанеуæгæй æнхæстгонд цæунцæ онкологон æма зæрди-тогдадзинтти незти хæццæ тохи паддзахадон æма регионалон проекттæ. Уони фæрци арæзт цæуй профилактикон куст, карз незти фæззинд рагацау исбæрæг кæнун æма син ахедгæдæр мадзæлттæ исаразунбæл, телемедицинон технологитæ, хирургон æма радиологон-химион мадзæлттæй пайдагæнгæй, психологон реабилитаций нуриккон программитæ агоргæй агъаз кæнунбæл. Тебий-фурти загъдмæ гæсгæ проекти бундорбæл министрадæ фембæлдтитæ араздзæнæй нæ бæсти хуæздæр специалистти хæццæ, сæ фæлтæрддзийнадæ æма амунддзийнадтæ пайдайаг уодзæнæнцæ нæ сæйгити сæ незтæй фæййервæзун кæнуни сæрбæлтау архайди.

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарстати фæдбæл дзубандий кæронбæттæни республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** загъта:

– Абони ци унафитæ рахастан, етæ гъæуама æнæмæнгæ рæстмæ фæббæрæг уонцæ регионалон программитæ онкологон æма зæрди-тогдадзинтти незти нихмæ тох кæнуни мадзæлтти. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæн е ʼргом раздахун гъæуй льготон хуастæй сæйгити ефтонг кæнуни профилон специалисттæ æма гъæугæ аппараттæ æма техникæ амал кæнуни фарстатæмæ. Уомæй уæлдай, идарддæр æнхæст кæнæн, цæрæнуæттæ радех кæнунæн сертификаттæ дæттуни фарста дæр.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Зундгонд ахургонд, филологон наукити кандидат Хæдарцати Аслæмурзæй кизгæ Ази райгурдбæл 3 июни æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1999).**

*Аци анз сæрдигон мæйти зæрдæхцæуæнæй бауолæфуни фадуæттæй испайда кæнуни равгæ уодзæнæй нæ республики дууинсæй мин сабийемæн – е æй фарæй цуппар мини фулдæр. Сувæллæнтти фæлладуадзуни мадзæлттæбæл харзгонд æрцæудзæнæй 240 миллион соми – фарæй инсæй миллион соми фулдæр.*






**Цæгат Иристони æригон ленинонтæ кадгин нæуæгдзауи ном исаккаг кодтонцæ ХЪÆБÆЛОТИ Биларæн. Къарæ ист æй нæуæгдзаути Гала-уани сайтæй.**

## ГУЦМÆЗТИ Аннæ:

# «ЕУГУРЕМÆЙ БОЗДÆР БА БИЛАРÆЙ АН!..»

Дзæуæгигъæуи Ленини номбæл гъæунги ка фæццæуй, уой цæститæ æрахæссунцæ уорс дорæй амад бæрзонд хæдзарæ. Берæ адæм зудтонцæ æма нур дæр зонунцæ е 'ригон фæсевæди – скъоладзаути Галауан ке æй, уой. Евгъуд æноси 70-аг æнзти райдайæни æ нæуæги куд, уотæ нури рæстæги дæр, æвæдзи, æнæгъæнæ Цæгат Кавкази Федералон зилди дæр нæййес уæхæн дессаги Галауан. Фæндон æ бацæуæнтæ, куддæр дуар байгон кæнай, уотæ бахездзæнæ урух æма райдзаст фойемæ. Ес си уæледарæс ауиндзæнтæ, пъол лигъз, рæсугъд хузти хæццæ, цæгиндзитæ мраморæй федауцæ конд. Устур залмæ ку бацæуай, уæд æ пъол æртæ хузи паркетæй æхгæд, ес си 800 фæлмæн бадæни, фæрстæ дæр хъæбæр рæсугъд, сценæ устур. Галауани ма ес 250 бунатей фагæ зал кинонивтæ æвдесунæн.

Уомæй уæлдай ма ами ес берæ æндæрхузи залтæ, косæнуæттæ. Нур дууинсæй анзей дæргъи Галауани парахаттæй цæуй аййевадæ, наукæ æма техникæ пропагандæ кæнуни куст. Берæ фарстатæ лухгонд цæунцæ ами ирæзгæ фæсевæди гъомбæлади туххæй. Æма етæ хецæн дзубандий фагæ 'нцæ. Нур ба мæ фæндуй зæгъун аци Галауан ке фæрци фæззиндтæй нæ сахари, сæрмагондæй еци адæймаги туххæй.

Нæ зонун, иннетæ куд, фал æз ба мæхе нимайун хъæбæр нивгун адæймагбæл. Æгайтима мæ кусти фæрци **Хъæбæлоти Емæзай фурт Билари** хузæн лæги хæццæ базонгæ дæн, æма мин кæд æ фарсмæ нæ, уæддæр еумæ косгæ рауадæй. Берæ дессаги хуарз хабæрттæ радзорун æнгъезуй еци лæги туххæй, фал сæ æнæ мæнæй дæр загътонцæ, уæдта ма беретæ ракæндзæнæнцæ. Æз ба зæгъдзæнæн Галауани туххæй, кæци арæзт æрцудæй лæгæй-лæгмæ Билари фæрци. Куд Советон Цæдеси Сæйраг Совети депутат, уотæ Хъæбæлой-фуртæн æвзаргутæ, бустæги ахургæнгутæ, бафæдзахстонцæ, цæмæй скъоладзаутæн хуæздæр



**ГУЦМÆЗТИ Аннæ нæуæгдзаути Галауани исфæлдистадон къуæртти архайгути къуари хæццæ. Къарæ ист æй нæуæгдзаути Галауани сайтæй.**

уавæртæ арæзт æрцæуа фæсуроктæ рæстæг æрветунæн.

Мæску барæ нæ ратгæй, неке бон адтæй уæхæн фарста ниллух кæнун. Алли республики хецауадæ дæр курдта ести, фал минкъий Билар еугуремæй лæгдæр разиндтæй, Брежнев æма Косыгини басаста, цæмæй раттонцæ барæ Дзæуæгигъæуи фæсевæдæн Галауан исаразунæн. Конд æрцудæй сæрмагонд проект, арæзтадæ райдæдта хъæбæр тагъд. Мæнмæ фæдздзурдтонцæ æма мин загътонцæ: «Аразæн нæуæг Галауан нæуæгдзаутæн, скъоладзаутæн. Ду куст зонис æма дæ æвæрæн нæуæг Галауани сæргълæууæгæй, куд цæуй арæзтадæ, уомæ дæ цæстæ дарæ».

Хъæбæлой-фурт куд загъта, уотемæй Галауан гъæуама исцæттæ уа фондз анземæ. Арæзтади ка архайдта айдагъ уони хæццæ нæ, фал мин ахид æмбæлгæ уадæй Билари хæццæ. Мæнæй берæ хестæр, æгъдаугин лæг, раст фиди хузæн, фæлмæн дзурдта мæ хæццæ. Уомæй цæйбæрцæ зонундзийнæдтæ райстон, уомæн се 'мбеси бæрцæ нæ базудтон институти фондз анземæ, фæскомцæдеси обкоми косгæй.

Æгас республики сæргъи лæугæй, айдагъ вазуггин, ахсгиаг фарстатæ нæ, фал хъæбæр листæг, минкъий гъуддæгутæ æма фарстатæ дæр гъуди кодта. Хъæбæр лæмбунæг цæстингас дардта арæзтадæ æнæ къулумпийæй куд цæуа, уомæ. Сахар Саратовмæ рарвиста сæрмагондæй лæг, цæмæй фæттагъддæр кæна гъæугæ æрмæгутæ æрветуни гъуддаг.

Нæ фагæ кæнуй специалисттæ, зæгъгæ, уæд фæдздзурдта промышленнон кустуæтти хецæуттæмæ æма син загъта: «Уæхе фестауетæ, дæсни специалисттæ нæмæ ес. Гъæуй плотниктæ, слесæртæ, сварщиктæ æма уи алкедæр фæйнæ фондз лæги æрбарветæд Галауанмæ, цæмæй куст тагъддæр цæуа. Æрмæст сæмæ хъæбæр хуарз цæстингас даретæ».

1972-1974 æнзти «Орджтрансстрой»-и раййивтонцæ цуппар хецауи, уомæн æма сæ ихæстæ нæ æнхæст кодтонцæ. Республикæ ци бафæстауæрцæ кæнидæ хуарз кусти фæрци, фулдæр арæзтадон æрмæгутæ еци æхцатæй æлхæдтонцæ. Уомæ гæсгæ цубур рæстæгмæ исцæттæ 'й Галауан æма иннæ республикитæ десæй мардæнцæ, – куд бантæстæй Иристонæн уæхæн гъуддаг. Æнæмæнгæ, фиццагидæр Билари фæрци. Ралæудтæй æхцæуæн бон – 1974 анзи хорхæтæни мæйи фиццаг бон, сабийти гъæуай кæнуни Бони Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни 200 анзи бæрæг кæнгæй, игонгонд æрцудæй нæуæг Галауан. Хъæбæлой-фурти фæрци æрбацудæнцæ кадгин минæвæрттæ Гурдзистонæй, Сомехæй, Цæцæн-Мæхъæлæй, Кæсæг-Балхъарæй æма иннæ рауæнтæй. Устур деси бацудæнцæ уæхæн рæсугъд, устур, райдзаст Галауан фæууингæй. Уой фæсте дæр Билар кадгин иуазгути ардæмæ хонидæ, уадзæ æма уинонцæ, цæхуæн цæстингас дарæн ирæзгæ фæсевæдмæ, уой. Фиццаг кадгин, номдзуд иуазгутæ адтæнцæ зундгонд тæхæг **Александр Покрышкин**, космонавт **Андриян Николаев** æма берæ æндæртæ.

Имисæн арфи дзурдти хæццæ Галауан аразуни устур хъиамæт ка бакодта, уони. Се 'хсæн паркетæвæрæг **Яков Александров**, монтажгæнæг **Владимир Чекалов**, плотник **Василий Носов**, фæрстæаразæг **Анатолий Коломийцев**, хуарæг **Виктор Течиев**, **Андрей Шахназаров**, **Григорий Шубин**, **Василий Прокофьев**, **Зинæ Гугурова** æма берæ æндæрти.

Фал, уæддæр еугуремæй боздæр ба ан Хъæбæлоти Биларæй, æ кадæ, æ ном цæрунцæ нæ хæццæ, дæттунцæ нин устур нифс. Æма хъæбæр раст бакодта нæ республики разамунд, Галауанæн æрæги Хъæбæлоти Билари ном ке равардтонцæ, уомæй.

**ГУЦМÆЗТИ Аннæ,**
**сувæллæнтти исфæлдистади республикон Галауани раздæри сæргълæууæг**

*Цæгат Иристони нæуæгдзаути Галауан ке фæззиндтæй, е иссæй айдагъ нæ республики нæ, фал нæ Цæдеси цийнагдæр бæрæгбон. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма æ байгон кæнуни кадгин мадзали архайдтонцæ фæскомцæдеси Центрон Комитети секретарь Зоя Новожилова, Уæрæсей Федераций рохсади министри хуæдæййевæг Георгий Веселов, æнсувæрон республикити минæвæрттæ, партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарь Хъæбæлоти Билар, Цæгат Иристони Сæйраг Совети Президиуми сæрдар Хетæгкати Тамарæ, республики Министрти Совети сæрдар Басити Олег, фæллойни æма тугъди ветерантæ, фæллойни раззагдæртæ, советон-партион æма æхсæнадон организацити минæвæрттæ.*

*Кадгин æмбурд игонгæнгæй, фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми уæди фиццаг секретарь Хæтæгти Владимир æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй нæуæгдзаути Галауан нур игонгонд ке цæуй, е уæлдай æхцæуæндæр уомæй æй, æма аци анз æй устур бæрæгбæнтти анз – фæскомцæдесæн æма нæуæгдзаути организацитæн В.И. Ленини ном лæвæрд ку 'рцудæй, уобæл æнхæст кæнуй 80 анзи, уодзæнæй Цæгат Иристони АССР-и исарæзти 50 анзей æма Иристон Уæрæсей хæццæ барвæндонæй ку байеу æй, уой 200 анзей юбилей.*

*Æ радзубандий Хетæгифурт уой дæр баханхæ кодта, æма Иристони нæуæгдзаутæн аци Галауан алæмæти дессаг лæвар ке æй. Уæхæн галауанти кой нæ фидтæлтæ фегъустонцæ айдагъдæр аргъæутти. Сæ фæстагæнттæн ба царди æцæгдзийнадæ иссæнцæ.*

*– Игъæлдзæгдзийнадæ уин, хор æма сабурдзийнадæ, – нæуæдзаутæн сæ кадгин бæрæгбони арфæ ракодта трест «Орджтрансстрой»-и 129 арæзтадон участокки, хуæздæр косгутæй еу, бригадир Г.П. Шубин. Е æ бригади хæццæ зæрдиагæй куста Галауани арæзтади. Æ символикон дæгъæл ин равардта æригон ленинонтæ Таболти Ким æма Наташæ Топчиевамæ.*

*Нæуæгдзаути Галауан байгон кæнуни фæсте иуазгутæ æма сувæллæнттæ бацудæнцæ азгъунсти райдзаст æма аййев залтæмæ, хехъæппæресадон къуæрттæ кæми архайдзæнæнцæ, еци уæттæмæ.*

*Галауан байгон уни фæдбæл ци кадгин æмбурд арæзт æрцудæй, уоми радзубанди котонцæ Хетæгкати Тамарæ, Зоя Новожилова, республики фæллойнадон коллективти минæвæрттæ, кæронбæттæни ба нæуæгдзаути Галауани хехъæппæресадон къуæрттæ равдистонцæ устур концерт.*

*… Еци æхцæуæн цаугæй нуриуæнгæ рацудæй дæс æма æртинсæй анзи. Æнцон æнзтæ нæ адтæнцæ, берæ алцитæ æрцудæй, уой хæццæ ба, гъулæггагæн, æверхъаудзийнæдтæ дæр. Æма нин уæлдай æхцæуæн æй, уæхæн дæрæнгæнæг уавæрти дæр Галауани косгутæмæ уоди хъаурæ æма фæразондзийнадæ ке разиндтæй, сæ алæмæти дессаг Галауан еци цардгъонæй ке багъæуай кодтонцæ, æма уой фæрци абони дæр нæ кæстæртæн ке æй, сæ исфæлдистадон ацъагъуæдзийнæдтæ æнхæстæй кæми раргом унцæ, уæхæн авдæнæ!.. Уогæ еци хабар ба 'й хецæн сæрмагонд дзубандий аккаг..*

**Фондз æма инсæй анзей размæ (1999 анзи 1 июни) А.Пушкини райгурди 200 анзей фæдбæл мадзæлтти рæстæг Мæскуй журнал «Наше наследие»-йи тургъи игонгонд æрцудæй Гадати Лазæри конд циртдзæвæн номдзуд поэтæн.**

*ДЖУСОЙТИ Нафи (1925-2017), финсæг: «Адæймаг рæхги Хуцау исуа, е мæнгæ гæдзæ ’й, фал цæмæй ибилис ма феста, уомæн агъазгæнæг гъæуама уа дзурдаййевадæ. Адæмти æхсæндзард дæр æма сæ цæрæнуæтти уавæр дæр адæймаги æуужлтæй кæми ’нцæ, уоми адæймаги зæрдсастдзийнади басæттун,*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ХЪОДЗАСТИ Хъасболати фурт Дохцико (1920-1943)



ХЪОДЗАСТИ Плани фурт Хуасдзау (1917-1941)



САГКАТИ Мазий фурт Додти (1920-1999)



САБЕТИ Петри кизгæ Верæ (1920-2013)



ЦÆРИКЪАТИ Римæ æма ЦÆРИКЪАТИ Феликс



Максим КОРЧЕВНИКОВ æма ЦÆРИКЪАТИ Римæ

# ХУÆРЗГÆНÆГИ ХУМÆ – ФАРНÆЙ ТИЛЛÆГГУН...



**ÆЛБОРТИ Зæринæ,**

Сайт www. digoria. com бундорæвæрæг æма аразæг.

Номдзуд Лев Толстойи финст таурæхътæй еу уæхæн æй. Цæветтонгæ, дууæ лæги балций цудæнцæ æд уæргътæ. Еу си æ уаргъ æ рагъæй нæ иста, иннæ ба, цит, æрлæууидæ, æ уаргъ зæнхæбæл æрæвæридæ æма æ фæллад еуцæйбæрцæдæр исуадзунмæ æрбадидæ зæнхæбæл. Фал æй уой фæсте æ уаргъ æ рагъмæ нæуæгæй есун багъæуидæ. Æма бустæгидæр бастадæй. Æ уаргъ сæ балций дæргъци зæнхæмæ ка нæ æресидæ, е ба минкъийдæр бафæлладæй.

Цæрикъати Рими туххæй нæ дзубанди хумæтæги нæ райдæдтан аци таурæхъæй. Æ царди сæйрагдæр гъуддагæн «зинæлвесæн» исфæлдистадон карнæ равзаргæй, уой хæццæ ба ма хуæрзауодæн гъуддæгути æновудæй архайгæй, е æхемæ райста агъазиау ихæстæ æма сæ абони дæр æнæрæнцайгæй æнхæст кæнуй. Цæйбæрцæбæл ин æнцон кенæ зин æй, еци уæргътæ хæссун, е лæдæрд æй, фал, куд æй уинæн, уотемæй син сæ уæзæй, зæгъун æнгъезуй, æгириддæр нæ фæллайуй – æвæлмæцгæй еудадзуг архайуй аллихузон исфæлдистадон æма хуæрзауодæн мадзæлтти. Уой дæр – сæ фулдæр арæзт æрцæунцæ æ хъæппæреси фæрци.

Ахид фегъосæн ес уæхæн загъд: «Хуæрзгæнæг хуарз нæ еруй!..» Мæнмæ гæсгæ, е бустæги раст нæй. Уотæ мæ бон æй федарæй зæгъун, уомæн æма ’й уинун нæ дзилли ’хсæн цæйбæрцæбæл арфиагæй нимади ’нцæ, Цæрикъати Рими хуарздзийнæдтæ, уомæн æма сæ аразуй рæстзæрдæй, адæми уодæнцойнæн, зæрдæхцæуæндзийнадæ син хæссуй æ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ.

Æма си адæм дæр куд боз æнцæ, уомæн ирд æвдесæн иссæй, æрæги Мæскуй адæмихæттити хæлардзийнади Хæдзари Цæрикъати Римæн æрæги ци исфæлдистадон изæр рацудæй, е. Æнæмæнгæ, зæгъун гъæуй уой, æма арæзт æрцудæй, Мæскуй не ’мзæнхонтæй ка цæруй, уони хъæппæресæй. Уогæ æмбурд ба ардæмæ æрцæнцæ айдагъ не ’мзæнхонтæ нæ, фал ма устур сахари цæрæг аллихузон адæмихæттити минæвæрттæ дæр.

Рими ном игъустгонд æй куд айдагъ эстрадон зартæгæнæг нæ, фал ма куд искурдиадæгин актрисæ, уотæ дæр. Берæ æнзти дæргъи æнтæстгинæй фæллойнæ кæнуй Тæбæхсæути Балой номбæл Паддзахадон академион драмон театри. Æ исфæлгонцгонд сорæттæн ин устур аргъ кæнунцæ театрдзаутæ. Мадта ма æ сæйрагдæр кусти уæлæнхасæн ба Цæрикъати Римæ кæнуй устур æхсæнадон, уæлдайдæр ба хуæрзауодæн куст дæр.

Алли исфæлдистадон адæймагæн дæр цидæр уодварнон сагъæстæ фæуунцæ уæлдай табуйагдæр. Римæн уæхæн сагъæссаг æй нæ маддæлон æвзаги исонибон. Уобæл дзорæг æй е дæр, æма куд æхсæнадон организаци «Вахтанговон»-и разамонæг, уотæ ахид аразуй поэтикон спектаклтæ «Рохсмæ!».

Уоми райгъусунцæ дигорон классикти æма нæ нуриккон зундгонд поэтти æмдзæвгитæ. Æмдзæвгитæ си фæккæсунцæ куд зундгонд, уотæ æригон артисттæ дæр

Нæкæси, мæнæ нур ци мæскуйаг концерти кой кæнæн, е дæр нисанеуæггин уомæй иссæй æма æрцудæй нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони хуæдразмæ. Уомæ гæсгæ æ программи зингæ бунат хайгонд æрцудæй ирон æма дигорон æвзæгтæбæл финст уадзимистæн. Борис Щукини номбæл театралон институти искурдиадæгин рауагъдон Цæрикъати Римæ уотæ дæсни æма арæхстгинæй кастæй маддæлон æвзагбæл æмдзæвгитæ. Мадта ци зартæ разардта, етæ дæр, кæд æма уордæмæ ’рбацæуæг адæм еугурæй не ’взаг нæ лæдæрдтæнцæ, уæддæр сæ зæрдæмæ хъæбæр ке фæццудæнцæ, уой туххæй мин фæсконцерт радзурдтонцæ уонæй беретæ.

Аци концерт æ дæсни цагъдæй барæсугъд кодта Борис Щукини номбæл театралон институти концертмейстер **Надеждæ Кашина**. Концертмæ ’рбацæуугутæ ма базонгæ ’нцæ æма цæмæдесæй кастæнцæ Римæ, куд театралон актрисæ, уотæ сценæбæл ци сорæттæ исаразта, уони видеоколлажи равдистмæ.

Мадта æнæзæгъæн нæйиес уомæн дæр, æма концерти сæйраг архайæг сценæмæ ку рацудæй, уæд адæм устур аргъ искодтонцæ е ’ндаг бакастæн дæр: хуæрзконд, æ уæледарæс дæр федауцæ, æнæуæлдай миутæй... Рæсугъддæр ма ци фæууй!.. Римæмæ кæсгæй, мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй зундгонд классик Федор Достоевскийи загъд: «Рæсугъддзийнадæ фæййервæзун кæндзæнæй дуйне!..» Æма еци гъудий хæццæ куд ес нæ исарази уæн!



ЦÆРИКЪАТИ Римæ æма УАРЗИАТИ Сослан



ЦÆРИКЪАТИ Римæ æма ХУМАРТИ Дианæ



ÆЛБОРТИ Зæринæ æма ЦÆРИКЪАТИ Римæ


Пианинобæл цæгъдуй Наталья КАШКИНА æма ЦÆРИКЪАТИ Римæ


ЦÆРИКЪАТИ Тамик, ЦÆРИКЪАТИ Римæ æма ХЪАМБОЛТИ Батраз

Римæ рагæй архайуй, цæмæй не ’мзæнхон финсгути уадзимистæ нæ дзиллæ фулдæр æма хуæздæр зононцæ, цæмæй зæрдтагон уонцæ нæ адæми еугур фæлтæртæн дæр, уобæл. Æма ин æнтæсгæ дæр кæнуй.

Ци архайд кæнай, уоми дæ зæрдæ ку нæ байвæрай æнхæстæй, дæ реуидзаг тæмæйнадæ ин ку нæ раттай, уæд мадзал рауайдзæнæй æгъуз æма фæлмаст, æ цæхæрæй æрдæфæнтæ не ’схъеудзæнæй. Цæрикъауон уæхæн адæймаг нæй æма ци гъуддагмæ бавнала, уой æрдæгкондæй, æрдæгфунхæй рахæсса адæми размæ. Æ тоги нæййес уæхæн уæлæнгай рахаст, уомæ гæсгæ æ исарæзт мадзæлттæ уотæ зæрдæмæдзæугæ рауайунцæ. Мæскуйæгти размæ æ «хунæ» рахæссуни развæлгъаубæл Римæ нæхемæ еу æма дууæ музыкалон-литературон мадзали нæ исаразта, æ фæлтæрддзийнадæ ин еуемæй-иннемæ ка бæрзонддæр æма медесгундæр кодта, уæхæнттæ æма си адæм алкæддæр бозæй байзайиуонцæ.

Ци æй театр æма си артисти фæллойнæ? Е æй агъазиау хъиамæт. Ци æй сæйраг роль? Е æй æгæрон берæ ракæнæ-бакæнити фæрци æндæр адæймаги уодиконд балæдæрун æма ’й æнхæстæй, куд дæбæл бауæндонцæ, уотемæй равдесун. Æвæдзи, зали бадæг театрдзаутæй ефстæгтæй уæлдай, неке фæззонуй цæйбæрцæ хъаурæ æма уодуæлдайдзийнадæ исхарз кæнуй актер, сценæмæ рацæуни размæ! Мадта æнæгъæнæ исфæлдистадон изæри архайун ба? Хъиамæти хъиамæт...

Устур æхцæуæнæй исæмбалдæнцæ иуазгутæ **Максим Кожевниковбæл** дæр. Е айдагъ дигоронау æма иронау нæ дзоруй, фал ма зонуй Рими зарти репертуар æнæгъæнæйдæр. Мадта æ нифс дæр бахаста Рими хæццæ дигоронау разарунмæ дæр! Зали бадæг адæм сæ дууемæн дæр æмæрдзæф кодтонцæ. Æма зæрдиагæй арфæ кæнун Максимæн, бæрæгбони разæнгардæй ке архайдта, уой туххæй.

Мах нæ еугурдæр зонæн, Цæрикъати муггаг Иристони бæрæг ке даруй, аййевади дæснити нимæдзæмæ гæсгæ, уой. Хъæбæр æхцæуæн нин адтæй зали номдзуд скульптор **Цæрикъати Билари** фæууиндæ дæр. Мах æй Рими хæццæ бабæрæг кодтан концерти размæ. Мадта сценæмæ æ хуæрæн райарфæ кæнунмæ ку исхизтæй зундгонд зартæгæнæг, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист, Цæгат æма Хонсар Иристони, Кæсæг-Балхъари адæмон артист, берæ цитгин исфæлдистадон премити лауреат **Цæрикъати Феликс**, уæдта зали бадгути цийнæн кæрон нæбал адтæй, уотæ æхцæуæн син адтæй æ фæууиндæ. Сæ зæрдæ син барохс кодта цалдæр зари ракæнгæй. Феликс Мæскуй цæрæг иристойнæгти æхсæнади номæй Цæрикъати Римæн, зæрдиагæй ин райарфæ кæнгæй, балæвар кодта деденгути устур баст. **Мæрзойти Виктор** ба залæй Римæ æма Феликсæн балæвар кодта сæрмагондæй арæзт зæрдæбæлдарæн ниуæзти æвгитæ сæ къарти хæццæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй айдагъ Цæрикъати муггаг нæ хецæн кæнуй медесгун æргъудидзийнæдтæй!

**Сæбанти Козеттæ** дæр хъæбæр байгъæлдзæг кодта адæми зæрдитæ, уæлдайдæр ба, аллихузи æмдзæвгитæ бакæсгæй, æ гъазæн дзубандитæй... Уæдта, Козеттæ сæрмагондæй æримиста, нуртæккæ сæрмагонд тугъдон операций е ’фсæддон ихæстæ сæхебæл нæ ауæрдгæй, хъазауатонæй ка ’нхæст кæнуй, еци сахъигурд тугъдонти. Æ зæрдæ син загъта, цæмæй уæлахези хæццæ исæмбæлонцæ сæ райгурæн бæстæбæл.

Мæ радзубандий кæронбæттæни ма мæ уой зæгъун фæндуй, æма еци бон концертмæ ’рбацудæй берæ хуарз адæм. Е хъæбæр устур амонд æй, ауæхæн æхцæуæн гъуддæгути хæццæ æмбæлун не ’мбæстæгти хæццæ, кæрæдзей къохтæ есун! Хуцау зæгъæд æма нæмæ ауæхæн мадзæлттæ æма фембæлдтитæ фулдæр уæд!

Тæходуйтæ æма нæмæ Рими хузæн хуæрзуод æма æцæг патриоттæ никки фулдæр ку уидæ, уæд цæйбæрцæбæл æнцондæр цæрæн уидæ адæмæн. Мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун дæр, æма, Римæ, дæу хузæнтти бон æй адæми сæ фунæййæй æригъал кæнун, дæу хузæнтти фæрци тæдзуй нифси цъита нæ фæллад зæрдитæмæ.

Нæ уарзон Римæ, зæрдиагæй дин арфæ кæнæн, культурон æгъдауæй нин федауцæ бæрæгбон ке исараздтай, уой туххæй! Мах ди нæ сæртæ бæрзæндти хæссæн! Нæ зæрдæ дин зæгъуй никки устурдæр исфæлдистадон уæлахезтæ, дæ размæ æвæрд нисантæ æнхæст кæнун æнтæстгинæй дæ къохи æфтуйæнтæ, зæрдрохсæй æма æнæнезæй цæрæ дæ уарзон бийнонти ’хсæн! Нæ иннæ фембæлдмæ!




*Цæрикъати Римæн адæмихæттити Мæскуйаг хæдзари ци исфæлдистадон изæр арæзт æрцудæй, уой банимайун æнгъезуй æ берæ ахсгиагдзийнадæмæ гæсгæ æнæмæнгæ зингæ цаубæл. Уой дæр айдагъ исфæлдистадон æгъдауæй нæ, фал æ уодварнон ахедундзийнадæй дæр – е иссæй нæ бæсти адæмти медастæу федар бастдзийнæдти, кæрæдзей нимайундзийнади æвдесæн. Архайдтонцæ си, куд нæхе адæми, уотæ æндæр адæмихæттити исфæлдистадон миæнвæрттæ дæр. Райгъустæнцæ аллихузон адæмихæттити литературон-музыкалон уадзимистæ. Гъе уомæй исфæлдистадон изæр иссæй адæмтæ еугæнæг зæрдæмæдзæугæ мадзал.*


МÆРЗОЙТИ Виктор æма ЦÆРИКЪАТИ Римæ


ЦÆРИКЪАТИ Римæ æма МАЛИТИ Израил


ГАЛАЧИТИ Светланæ æма ЦÆРИКЪАТИ Римæ

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»


САБЕТИ Петри фурт Александр


ХЪИБИЗТИ Андрей фурт Иван (1903-1942)


ХЪИБИЗТИ Андрей фурт Николай (1918-1970)


НАЙФОНТИ Басиати фурт Кермен (1911-1942)

***Зундгонд журналист СÆГУТОНТИ Заур æ рецензий Цæголти Василийи роман «Хуæнхти минæвæрттæ»-йи туххæй финста: «Романи сæйраг архайгути хæццæ æмбæлæн сæ тухст сагъæстæ æма уавæрти рæстæги. Сæ адæми Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни ихæс сæхемæ райсгæй, æ исæнхæст кæнуни фæдбæл уонæн берæ зиндзийнæдтæ æвзаргæ***




**ЦÆГОЛТИ Василий**

# ХУÆНХТИ МИНÆВÆРТТÆ

Иристони ирисхъи цардгъонгæнæг цаутæн сæ ахсгиагдæри – Уæрæсей хæццæ байеу ун. Уобæл аци анз æнхæст кæнуй 250 анзи. Уой фæдбæл ниммухур кодтан æма ма идарддæр дæр мухур кæндзинан хецæн æрмæгутæ.

Аци цауи туххæй финст ка 'рцудæй, еци æрмæгути 'хсæн уæлдай зингæ бунат ахæссуй Цæгат Иристони адæмон финсæг Цæголти Македони фурт Василийи (1921-2004) игъустгонд роман «Хуæнхти минæвæрттæ» («Послы гор»). Фиццаг хатт мухургонд æрцудæй 1965 анзи.

Цæголти Василийи романи агъазиаудзийнади туххæй берæ уацтæ финст æрцудæй. Зæгъæн, зундгонд финсæг æма литературон æртасæг **Мæрзойти Сергей** (1927-2008) искодта уæхæн хатдзæг: *«Финсæгæн æ къохи бафтудæй устур исфæлдистадон æнтæст.*

*Уæрæсе æма Иристони исбаста еу карнæ. Æнцон нæ адтæй сæ рахастдзийнæдти райдайæн, берæ фæффудæбон кодтонцæ дууæ бæстей разагъди лæгтæ сæ ниффедар кæнунбæл. Вазуггин гъуддæгутæ лух кæнунæн гъудæй хъаурæ æма дæсниадæ, æма е æнæфæззингæ нæ адтæй хъайтартæн сæ меддуйнебæл, историй цаутæн сæ цæстингасбæл. Уой хæццæ хъайтартæн æмхузон нæ адтæй сæ социалон уавæр, сæ бунат æхсæнади царди, уæдта, ке зæгъун æй гъæуй, алкедæр си æндзарста æхе гули буни. Фал фæуууæлахез æй Историй Рæстадæ, æма нæ минæвæртти балци Петербургмæ дзæбæхæй рахецæн æй.*

*Æстдæсæймаг æноси Иристон барвæндонæй иссæй Уæрæсей еу хай. Фæббæрæгдæр æй, фæббæрзонддæр æй нæ адæми хелæдæруйнадæ, ралух æнцæ, агъазиау ахедундзийнадæ кæмæн адтæй нæ бæсти карни, еци гъуддæгутæ. Уæхæн цаути архайгæй, нæ сæрхъозæнттæ равдистонцæ, цардгъон, сæрæн æма арæхстгин ке 'нцæ уой. Магкати Зураб æма Хъесати Ебай хæццæ æмзунд æнцæ хумæтæг курдон Дзатикъо æма фиййау Налихъо дæр.*

*Уадзимис амад æй историй æрмæгбæл. Еу геппи уагъд нæ 'нцæ хъайтарти гъудитæ, сагъæстæ æма æнкъарæнтæ, фал се 'хсæн еу дæр уæхæн нæй æма æ адæми исонибонбæл ка нæ тухсуй, цаути зелдохи ка не 'смедæг æй, æ уоди хæрзтæ ка бавгъау кодта нæ Фидибæсти хуарздзийнадæн. Романи сюжетмæ къох бакæнæн нæййес, уотæ æнгон æлвæст æнцæ цаутæ æма си ка архайуй, етæ. Уотемæй ба уадзимис арæзт æй берæкъабазгин бæласи хузæн, уæдта финсæг историй рæстадæ æма уæди дзамани царди æцæгдзийнадæй еуварсмæ некæд рахизтæй.*

*Рæуонæ ба 'й куд нæ фæцайдæ, уæхæн цæмæдесаг æма хумæтæг хузи равдесунæн уæди цаутæ анзфинсæгау фæд-фæди райвæрунмæ æмхец ку разиндтайдæ, уомæй дæр – фæллойнаг. Нæ рандæй финсæг еци æнцон, фал тæссаг надбæл. Уод бауагъта историй æвдесæнти, уодæгасæй исæцæг кодта æ хъайтарти дæр – кайфæнди дæр уæнтæ – хуæнхæгти уодбæлхуæцгутæ æви мулкæй гъомусгин хъалтæ, кенæ ба дингæнгутæ, кенæ бонзонгæ мæгур захъайæгтæ æма зæрæмæггæгтæ. Сæ еугурейдæр бадомдта адæми фарнæ æма архайунцæ дзурддзæугæ лæгти хузæн. Гъо, фал сæ астæу разиндтæй, дзиллити исонибон ке нæ тухсун кæнуй, хе кадæбæл ка мæлуй, фудæнхæ æма хинттæмæ æмхец ка фæууй, уæхæнттæ дæр (Койсохур, Шота, Арчил). Хъайтартæй беретæ цæрунцæ, Хуцау син ци равардта, уомæй, æууæндунцæ дуйней фарнæ æма Рæстадæбæл, алкæддæр цæттæ 'нцæ сæ бартæбæл исдзорунмæ, сæхе æгади бунатмæ некæд æруадздзæнæнцæ. Кæд æнæбон æнцæ, уæддæр хуæнхæгтæй райгурдæнцæ.*

*Устур кенæ минкъий цаутæ æддæг-медæгæ рауайунцæ, иситинг унцæ адæми 'хсæн буцæутæ, социалон конфликттæ уæззау бæлæхтæ расайунцæ, уодварни æма хæрани дæр гъæбесæйхуæсти цæун багъæуй. Е æй царди медес, нæ си ес фæййевгъуйæн, уотемæй ба, синхаг адæмти æма паддзахæдти 'хсæн – Кæсæг æма Гурдзи, Уæрæсе æма Иристон – хъаугъайаг гъуддæгутæ дæр берæ адтæй, æма си иронхуати неке уагъта, алкедæр æ карнæ фæххуæздæр кæнунбæл æновудæй архайдта.*

*Романи туххæй берæ хуарз дзурдтæ загъд æрцудæй æ рæстæги. Æма куд нæ! Василий æхе равдиста дæсни финсæгæй. Вазуггин историон æрмæг нæ прозæмæ тæккæ фиццаг е 'рбахаста, æма ибæл арæхстгинæй бакуста аййевади фæрæзнитæй, исарæхстæй берæкъабазгун эпикон уадзимиси сæрмагонд хехузон амад æма арæзт исхузæнон кæнунмæ дæр. Хъайтарти уодигъæди менеугутæ, историй цаутæ æма архайгути уоди хæрзтæ æма хецæндзийнæдтæ 'нцæ къумæлхи. Уотæ федар баст ке 'нцæ, уомæй ма 'вдесунцæ рæстæгæн фæстæмæ раздахæн ке нæййес, гъома, историон, социалон рæстадæ æма уодварни хæрзтæ…»*

* * *

Цæголти Василийи роман «Хуæнхти минæвæрттæ» æгæр устур ке æй, уомæ гæсгæ си ниммухур кæнун нæ бон æй айдагъдæр хецæн скъуддзæгтæ. Æма сæ исистан уадзимиси дуккаг киунугæй (финсæг æй исхудта «Гæдзæ».



## ГÆДЗÆ

...Портæй минæвар ке 'рбцæудзæнæй, еци хабар канцлер ку фегъуста, уæдæй нурмæ æхецæн бунат нæбал ирдта. Дзубанди кæцирдæмæ райвулдзæнæй – Хуцау æ зонæг. Турккаги домæнтæ 'й ронбæгъдæй ку 'рбаййафонцæ, уомæй е 'уæнги мегъæ бадтæй. Цийфæнди къурцдзæвæнæй дæр уæлахезæй бæргæ рацæуидæ, фал нур цæмæдæр гæсгæ тухстæй. Дипломати нихмæ 'рлæуун ку нæ бафæразай, уæд цума тæккæ хъаурæгиндæр æма æгъатирдæр знаги размæ дæ тохæндзаумау æрæвардтай, уомæй уæлдай нæй. «Цæмæн æй бафæндадтæй мæ хæццæ фембæлун? – цал æма цал хатти бафарста æхе. – Никки уотæ тагъд? Æхе равдесуни туххæй ке нæ цæуй, е лæдæрд адтæй. Цидæртæ 'й исбæлвурд кæнун гъæуй». Канцлер æ туппур æнгулдзитæ æ армитъæпæни уотæ федар нилхъивта, æма фæлорсæй зиндтæнцæ. Федæни ци æрцæуйнаг адтæй, уонæй еунæг гъуддагæй дæр нæ тарстæй. Æхуæдæг, уæлдай фулдæр ба Уæрæсе, турккæгти размæ нецæмæй азумгин адтæнцæ. Фал имæ Воронцовти гъазтизæри минæвар е 'ргом куд хъæбæр раздахта, æ размæ куд ахид фæууидæ, е æй дузæрдуги æфтудта. Сауæнгæ ма еу рауæн лæуун дæр æ бон нæбал адтæй æма урух зали къумти рацо-бацо кодта.

Æ уæззау къахдзæфти гъæр персайнаг горцъе нихъуардта…

Хори тунтæ къæразгæбæл гъазтонцæ…

Къæбинети дуари медæгæ римæхст æмир сосæгдзийнадæ…

Рæстæгæн размæ цæуни гъомус нæбал адтæй, фал уæддæр фембæлд хæстæгæй хæстæгдæр кодта.

Цума визири зæрдихудти цæмæн бацудæй? «Нецæмæй» – цубур æма нифсгун дзуапп равардта æхецæн. Æ зæрдæбæл æрбалæудтæй сенати æмбурд. Вельможитæ исистадæнцæ æма рацудæнцæ ирон адæми минæвæртти размæ. «Паддзах Елизаветæмæ мах æрцудан еугур ирон адæми номæй, – райдæдта Зураб, – цæмæй ин зæгъæн, ке нæ фæндуй æ цитгиндзийнадæ императори дæлбарæ ун. Нæ хуæнхтæ гъæздуг æнцæ сугъзæрийнæ, æвзестæ æма æндæр къахгæ хæзнатæй… Урусбæл еузæрдиуон ке ан, уой равдесдзинан нæ цардæй æма нæ тогæй. Еци гъуддаги нæ зæрдæ дарæн нæ фæстагæнттæбæл дæр. Мах еугурæйдæр рагæй нурмæ дæр æмхец ан киристон динмæ… Гурдзиæгтæ, кæсгæнттæ æма иннæ адæмтæй ирæнттæн знаг неке æй». Петри кизгæ, кæд цийфæнди æнæзонгæ адæми хæццæ дзубанди кодта, уæддæр сæ нихмæ æрлæуун нæ бафæразта, уомæн æма агъазагор адтæнцæ. Агъазагори фарсмæ 'рбалæуун ба адæймаг æхецæн ихæсбæл нимайуй… Ке зæгъун æй гъæуй, уосæ-паддзах нифсгун разиндтæй. Æ сосæг миутæ Истамбули гъосбæл ку рауадайуонцæ, уæд гъуддаг хъаугъамæ рахизтайдæ. Хилæ æма федуд ба еу некæд адтæнцæ.

Бæстæ тугъдон æгъдауæй лæмæгъ адтæй, уæдта 'й еци æнæбайрайгæ бардзурд дæр уорæдта, æма 'й берæ æнзти дæргъи Порти хæццæ архайун гъудæй арæхстгай. Арæхстгай архайдта Кавкази дæр. Еци уавæрæй канцлер хъæбæрдæр тухстæй, фал уæддæр æхебæл хуæцун фæразта. Къурцдзæвæни бахаугæй æхенимæр дзоридæ: «Сабур дæ хуасæ! Еуминкъий ма бафæразæ!»

Турккæгти хæццæ алкæддæр къæрцгъос ун гъæуй, кенæ ба фæсмон кæндзæнæ. Визирь æй къобалæкъуæрæни æрахæссунмæ гъавуй, фал Бестужев дæр æзиниккон нæй. Цийфæнди минкъий гъуддаги дæр ибæл гъæуама ма фæуууæлахез уа. Минæварæн берæ цидæртæ никхатир кæнуй. Байгъосуй имæ, кæд ин фулдæр хатт зин фæууй, æма æхе уотæ дарун æ тоги нæй, уæддæр.



Къæсæргæрон æрлæудтæй, бæрзонд дуарбæл æ цæстæ рахаста æма æнгъæлмæ кастæй, кæд имæ фæдздзордзæнæнцæ, уомæ. Айфонмæ гъæуама камергер, æ хийнæйдзаг медбилхудт æ разæй фæцайдæ, уотемæй гъузгæ-нигъулгæ рауадайдæ æма загътайдæ: «Куд тагъд фæззиндтæй? Дæ хъуæццæ дæ сæрмæ ку 'сбадтæй. Минæвар æвваст æрбасæйгæ 'й. Æфсæрми ди кодта, уотемæй курдта, цæмæй фембæлд исонмæ хаст æрцæуа…»

… Дуар байгон æй… Уæрæсей æлдæртти, Петри æмархайгути фæсфордаг минæвæртти размæ…

Фæстагмæ уæддæр фæззиндтæй, сайтæнтти фæтдзæгъдæн. Канцлерæн æ мæтæ æма æ сагъæс фæццидæр æнцæ. Минæвари бунати æхе райвардта æма алцидæр æ бунати æрбадтæй. Уруссæгти хæццæ 'й æхе куд дарун гъæуй, уой ин гъæуама æнæмæнгæ визирь байамона. Алцидæр ин лæмбунæг радзора, лæмбунæг ин балæдæрун кæна алли листæг фæззелæн дæр. Гъæуама æ гъæздугдзийнадæ равдесунмæ исарæхса. Фембæлди рæстæг æй архайун гъæудзæнæй гъæддух æма нифсгунæй, цæмæй æ императорон бæрзонддзийнадæ Елизаветæ Петри кизгæ аргъ кæнун зона султанæн. Уотемæй Белграды сабурдзийнади бадзурд ихалунвæндæ ку 'скæнонцæ, уæд федæни æ байзæддæгтæ дæр сæхе фæсмонæй куд хуæронцæ. Уогæ еци æртхъерæнтæй некебал тæрсуй.

Фарсмæ хæстæгдæр æрбалæудтæй. Æ сæр фæхъхъел кодта æ дæргъеццон зекъæ размæ ницциргъ æй æма еци æнæзмæлгæй лæудтæй.

– Османи империй минæвар! – фегъосун кодта камергер.

Бестужеви цæсгон фæттар æй. Уæхæн æнадæ гъæлæсиуагæ ма уодзæнæй! Петербурги æ думгæ дæр куд нæбал уа, уобæл байархайун гъæудзæнæй. Хæрæгбæл саргъ нæ федауй.

Къæсæрæй бахизтæй дæргъæй-дæргъæмæ лæг. Уатæн æ фулдæр байахæста. Канцлер си æ цæститæ нæбал иста, архайдта, цæмæй фендзаст уонцæ, уобæл, фал минæвар хæрдти кæсгæ уати астæумæ бацудæй, æма ин цума нимад къахдзæфти фæсте æрлæугæ адтæй, уой хузæн æ цæунæй банцадæй. Æ цæститæ æрцъундæ кодта. Канцлери зæрдæ байгъæлдзæг æй. Минæвари æрбацæуни размæ къæразги æмбæрзæнтæ урух байгон кодта æма турккаги цæститæ хори тунтæмæ ратартæ 'нцæ. Ци сагъæстæ имæ адтæй, етæ ке фескъудæнцæ, айдагъ уой дæр бал æхецæн уæлахезбæл банимадта. Цалинмæ минæвар къæразгæмæ æ къилдун æздахта, уæдмæ аййевæй Бестужеви рагъæуай кодта, ку 'й рауидта, уæд ин зинна-нæзинна æ сæрæй æркувта. Рæстæг куд цудæй, уотæ канцлер дæр æхемæ цæун райдæдта.

– Дæ бæрзонддзийнадæ! – исдзурдта фæстагмæ турккаг.

Канцлер тумбул цæсгонæй хæццæ. Куд базудтан, уотемæй сæ еу гъигæдарæг дæр нæййес. Кæд æцæгæй уотæ 'й, уæд уин, уæ бæрзонддзийнадæ, æз уæ зæрдæбæл æрлæууин кæндзæнæн бадзурд. Ка 'й зонуй, ами фудгин æй комендант. Уæд æй æгирид неци, фал бафхуæрун уæддæр æнгъезуй.

Гъуддæгутæ еуцæйбæрцæдæр фæббæлвурддæр æнцæ. Комкоммæ ке бафарста, е лæгъуздæр æй. Æвæдзи, Зураби хæццæ ци дзубандитæ рауадæй, етæ син зунгонд æнцæ. Аци рауæн хе дарун куд хуæздæр уодзæнæй? Æ медбилти æцæгæлон худт бакæна æма еуварсмæ разела, цæмæй цæститæ цæбæл дзорæг æнцæ, уомæн маци балæдæра? Уогæ римæхсæнти ци æвæрд ес, уой турккаг нæ, фал иннетæй дæр неке базондзæнæй. Æ нихмæ дзорунбæл ку исхуæца, уæддæр хуарз нæй: æхе раст кæнуй, зæгъгæ, бангъæлдзæнæй. Уой бæсти бал ин еуцæйбæрцæдæр дзуапп нæ ратдзæнæй; уадзæ æма æхенимæр сагъæстæбæл фæууа.

Æхуæдæг сабур лæуунæй фæллайун ку райдæдта, уæд исдзурдта:

– Уæрæсе ирæнтти хæццæ æмуод ке нæй, е визирæн хуарз зунгонд æй. Уæрæсейæй бадзурд ирон некæд адтæй. Ци дзурд равардта, уобæл фе-уадзуй. Алци зонунмæ турнунддзийнадæ ин æнцойнæ нæ дæттуй. Истамбул æ минæварæй аразийæй байзайа, уой æнгъæл нæй.

Нур ба турккаг кæсун райдæдта канцлери цæститæмæ, фал е лæудтæй уати ауундæр хайии æма минæвармæ дзæбæх нæ зиндтæй. Е ба æхенимæр тухстæй, канцлер си ци сосæг кæнуй, уой базонун æ бон ке нæ адтæй, уой туххæй. Гъуддаг хуарз зонгæй ку нæ дзора, уæд си неци ракъахдзæнæй, зæронд робасмæ алли фарстайæн дæр дзуапп цæттæ 'й. Сæ фембæлдæй ба ку неци рауайа, уомæй тæрсун райдæдта æма арф исуолæфтæй. Бестужев æй куд нæ бафеппайа, уобæл архайдта, фал ин си неци рауадæй. Канцлер ин æ уавæр бафеппайдта æма бабæй уой хуарзæн исуолæфтæй, æцæг æй æхецæй æндæр неке балæдæрдтæй. Æгæр раги мæстгун кæнун райдæдтай, мæ хори минкъий. Раздæр бал ести базудтайсæ, уæдта фембалдайанæ. Дæ зæрдæ дæмæ ци исдзора, е фагæ нæма 'й. Визирь ести ку зонидæ, уæд нæ уотæ нæ ниууадзидæ. Æригъосæггаг дзубандитæбæл æ уæзæ æруадзун ба нæ бандеудзæнæй. Æхе ходуйнаг кæнуй?!

– Хуæнхæгтæ сæудегер кæнунæй игъаугидæр Хъизлари неци косунцæ. Коменданти хæццæ фембæлунцæ, зæгъгæ, зæгъис, æма ми не 'руагæс кæнуй. Мæ фæдæсмотгутæй еци гъуддаг нæ райервазтайдæ. Минкъий син, ку нæ федун. Комендант силгоймаг император Елизавети указ нихмæ рацæуа, уой æнгъæл дæр нæ дæн, уомæн æма æ сæргæхуцæ ист æрцæудзæнæй. Еци гъуддаги бæлвурддзийнадæ æз хæстæгдæр рæстæги базондзæнæн.

Минæвари хийнæйдзаг цæсгонбæл рагъазта, уавæрæй арази ке нæй, уой æвдесæг тæлмæ.

– Мæ цитгин æлдари, зæнхæбæл устур Хуцауи минæвари…

Канцлер цума дзубандигæнæгмæ игъосуй, æхе уотæ дардта, æхенимæр ба сагъæстæ кодта: «Нæбал æй ниууадзунмæ гъавис, еци æлдари, æви ци?



ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ «Иристони минæвæрттæ Санкт-Петербурги».

Уæхæн рæстæг ралæудзæнæй æма Петербургмæ æхе къахæй лигъстæмæ цæудзæнæй. Фал бал нур хе æндæрхузон дарун гъæуй».

– … Хуарз уидæ, хабар, куд гæнæн ес, уотæ тагъддæр ин фегъосун кæнайтæ.

Канцлер æ сæр аразий тилд бакодта.

– Гъæуама ин æй силгоймаг император Елизаветæ æхуæдæг фегъосун кæна.

Неке имæ игъосуй! Бакæсæ имæ, лæг, уотемæй æ сæри ба дунгæ æскъот кæнуй. Цуппæрвадæй дин куд нæ фæттæхдзæнæй Бестужев Елизаветæмæ?

– Æз цидæриддæр загътон, етæ еугурæйдæр цæунцæ еугур Уæрæсей хуæдхуæцæгæй!

Минæвари сæр зинна-нæзинна еуæрдæмæ фæкъкъолæ 'й. Еуцæйбæрцæдæр гъосæй ралæудтæй, уæдта æ дзубанди идарддæр кодта:

– Ирæнттæ тундзунцæ сумах арæнттæмæ хæстæгдæр æрцæрунмæ…

Канцлери бор æрфгутæ сæхе бæрзондæй-бæрзонддæр истонцæ.

– Æма е, æвæдзи, хумæтæги нæй. Ардаугæ сæ ес, æви сæхе зундæй архайунцæ, Хуцау æ зонæг…

Канцлермæ æ медгъæлæс исдзурдта: «Хъæбæр раст зæгъис! Уæрæсе æ хъауритæбæл æ цæстæ нæбал иста. Æхенимæр имæ фæззиндтæй уæхæн гъуди: «Æнгъæлдæн æма визирь гъуддаг бустæги æндæр надбæл исаразунмæ гъавуй. Гъæддух фæллæуун дæ багъæудзæнæй. Сæр дæ багъудæй, Бестужев!» Истамбул хийнæй архайунмæ гъавуй. Æ зæрди ес Уæрæсей æ синхæнтти хæццæ кæрæдзебæл исардаун, – æддæг-медæгæ сæ рауайун кæнун. Ку исламæгъ уа, уæд æ хæццæ æнцондæр дзорæн уодзæнæй. Гъæйдæ, еци сагъæстæ гъуддагæн неци пайда 'нцæ. Турккæгтæн уавæр балæдæрун кæнун гъæуй æма е æ къохи цæмæй бафтуйа, уобæл байархайдзæнæй.

– Ирæнттæ Хъизлармæ æгæр фæййахур æнцæ. Фембæлунцæ федари комендантти дарæй хуæцуй. Кæд комендант ирæнтти хæццæ фембæлуй, уæд уомæн ба империй политики хæццæ еумæйагæй неци ес. Комендант æфсæддон адæймаг æй æма æхе абæргутæ æма тугъдмондаг хуæнхæгтæй гъæуай кæнуни туххæй архайуй сæ хæццæ лимæнæй цæрунбæл. Уоми ба дессагæй дæр неци ес æма тæссагæй дæр.

Ци адтæй, уой загъта. Гæлдзгæ дæр син неци ракодта, æфтаугæ дæр имæ неци бакодта. Уæрæсей хæццæ сæ æрбайеу кæнуни туххæй ирæнтти хæццæ дзубанди уорæд æрцудæй фæстæдæрмæ. Цума æ дзубандитæ турккаги зæрдæмæ нæ фæццудæнцæ. Хъæбæр хуарз! Нур цалæймаг хатт фæкъкъех æнцæ æ рагацау æсгарæн фæлтæрæнтæ, уæддæр сæ нæ бафтаунмæ гъавуй. Уой туххæй ба гъæуама берæ минкъий дæнттæй еу гулфгæнгæ цæугæдон рауайун кæна».

– Ирæнттæ армидзагæй æндæр нæ 'нцæ, – æма æ дууæ къохемæй бæлæгъ райаразта. – Сæ хуæнхтæ ниууадзуни фагæ нифс сæмæ нæ разиндзæнæй.

Канцлер уотæ кæдзосзæрдæй дзурдта, æма минæвари минкъий ма багъæуа, уæдта æ фæдбæл расайа. Бестужев уавæр балæдæрдтæй, æма халæбæл халæ æвæрæгау архайдта, цæмæй имæ ци æууæнкæ фæззиндтæй, е фæттухгиндæр уа.

– Уогæ син ка ци балæдæрдзæнæй?! Ка 'й зонуй, бустæги æндæр гъудитæ дæр сæмæ ес. Гъæуама будури зæнхитæмæ сæ зæрдæ дзора… Æвæдзи сæмæ гъос хъæбæрдæр æрдарун гъæудзæнæй…

Минæвари цæстити цидæр цæхæр февзурдæй. Цума уруссаги зæрдæмæ нæдтæ фæззиндтæй… Фал æ еци гъудитæй уайтæккæ неци бал райзадæй, уомæн æма Бестужев дзубанди иннердæмæ фездахта.

– Уогæ мæ сæ тæрегъæд нæ гъæуй. Ирæнттæ нæ бауæндзæнæнцæ…

Æ медбилти æнæбон худт бакæнгæй си æ дузæрдугдзийнади туххæй хатир ракурдта. Турккаг гъудити бацудæй: кенæ канцлер хъæбæр зундгин æма еци-еу рæстæг хъæбæр хийнæйдзаг æй, кенæ ба минæвар рæдуйуй, е 'ргомдзийнадæбæл ин ке не 'ууæндуй, уомæй.

Канцлер дæргъæвæтийнæ дзубандийæй тухсун райдæдта. Минæвар уавæр æхуæдæг ке нæ лæдæрдтæй, уой туххæй имæ æхемедæгæ мæстгун кодта. Падзахади гъуддæгутæ имæ æнгъæлмæ кæсунцæ. Еци ирæнттæ дæр сагъæссаг æнцæ. Хъизлари федари комендант имæ æ гъаст цалдæр хатти æрбахаста. Сæ минæвæрттæн син ци æмгъудтæ кодтонцæ, уонæмæ æнгъæлмæ кæсунмæ нæбал гъавунцæ. Ку неци хуæздæр унаффæмæ, дан, æрцæуайтæ, уæд æнæфæрсгæй ледзун райдайдзинан. Минкъий ма сæ бафæразун гъæуй, кенæ ба цæттæ гъуддаг фехалдзæнæнцæ. Кавказ Турки дæлбареуæгадæй фæййервæзун кæнун гъæуй. Еци гъуддаг цитгин Вахтанг Петрæй дæр курдта. Сæ фарс æрбалæууун ба æнæмæнгæ гъæуй. Зин уавæри 'нцæ. Еци рауæн сæ Иристонæй устур нифс ес: гурдзиæгти уруссæгтæмæ æрбахæстæг кæниуонцæ. Уобæл Пахомий дæр е 'мбæлтти хæццæ бæргæ архайуй.

– Дæ бæрзонддзийнадæ, æ гъуди æрдæгбæл ниууадзуни фæндæ нæййес турккагмæ, – ирæнттæ еци гъуддаги еунæг нæ 'нцæ. Нæ гъуддæгути æхе ка тъунсуй, еци паддзахадæ нин байамонайтæ æмæ ин мах цитгин визири хæццæ ирæнттæмæ надбæл устур цæлхдор исæвæрдзинан, – цума еци дзуапмæ рагæй æнгъæлмæ кастæй æма ин нур агъазиау хуарз фадуат фæцæй, уоййау гъæддухæй загъта канцлер.

***Уодзæнæй ма.***

**Еума æригон бæрæгбон – экологи Бон Уæрæсей – 2008 анзæй фæстæмæ бæрæггонд цæуй 5 июни. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еугур экологтæн дæр.**

*Невнимательный пассажир Иванов, захлопывая дверь купе, не заметил чужую руку и исцелил глухонемого продавца журналов.*

* * *

*– Мужчина, почему так смотрите на меня?*
*– Как?*
*– Так, безгранично!..*

* * *

*Дурак учится на своих ошибках, умный – на чужих. Выходит, что умные учатся у дураков?*

## ДУЙНЕЙ ИСКОНДИ СОСÆГДЗИЙНÆДТÆЙ АЛЦИДÆР ЗОНУН ПАЙДАЙАГ ÆЙ!..



# ЦИ АМОНУНЦÆ ХУЗТÆ?

Хузтæ адæймаги бауæрæн хуасæ ке ’нцæ, е бæрæг æй рагæйдæр. Египети рагон ингæнти археологтæ иссирдтонцæ, хори тунтæ аллихузи уадздзæгтæбæл кæми састæнцæ, уæхæн аразæн конструкцитæ. Рагдзаманти дохтиртæ, адæймагæн ци хузæ нæ фагæ кæнуй, уой исбæрæг кæнгæй, дзæбæх кодтонцæ незисафæн лæсæнтæ. Зæгъæн, сурх хузæ уинагæ нервбæл сæри хъанзи ку бахауй, уæд фулдæр кæнуй тоги æлхъивдадæ, зæрди хуаст. Зæгъæн, æрвхуз ба дæттуй одæнцойнæдзийнадæ. Нæлгоймæгтæй ниллæгун унæй ка тæрсуй, уонæн адæмон дзæбæхгæнгутæ амонунцæ, аллибон еу 15 минутти æ сæр æмбæрзæд æрвхуз дзаумауæй.

Фал иннемæй ба ес æндæр бастдзийнадæ дæр. Уой рабæрæг кодта швейцайраг психолог Макс Люшер. Еу кенæ иннæ хузæбæл исахур ун дзорæг æй, ци римæхст фæндитæ æма æмхецдзийнæдтæ ес, уонæбæл. Исбæрæг кæнетæ мадта, дæлдæр ци хузти кой кæнæн, уонæй уæмæ хæстæгдæр кæци æй.

**Кæрдæгхуз.** Аци хузæмæ фулдæр æргом æздахунцæ, гъæддухдзийнадæ æма нисанмæ турнундзийнадæ, ескæмæй æфстау ка нæ агордзæнæй, уæхæн адæймæгутæ. Ду хъаурæгин дæ бæлвурд зæрдæбæл дарундзийнадæй, дæ гъудитæ дзорис æмбаргæ æма æргом дзурдæй. Ду райгурдтæ ескæмæн разамунд дæттуни тухxæй. Фал дин дæ ездон хъаурæ сæттунцæ зæрдæдзорундзийнадæ, хицæ кæнун æма дузæрдугдзийнадæ. Дæхе исахур кæнæ нецæбæл гъуди кæнун æма ма тæрсæ къулумпитæй.

**Сурх.** Е æй оптимистти æма цард уарзгути хузæ. Ахид дæмæ фæззиннуй дæ косæн бунат баййевуни фæндæ. Æнтæстдзийнадæмæ бæлгæй, дæ къохи бафтуйуй хъæппæрес æвдесгæй æма бæлæхтæ нецæмæ даргæй. Æцæг æгæр сурхитæй ма ’мпурсæ дæ алфамбулай ка ’й, уони – револютæмæ ес æ разæнгардгæнгути фесхуайуни менеуæг.

**Сау.** Аци хузæ ’взарунцæ коммерций хæццæ баст адæймæгутæ. Е æй традици. Кæд сау хузæ дæхе æгъдауæй уарзис, уæд дæ бон æй уавæрæй устур бæлæхти гъуддаг исаразун, хъисмæтмæ æнæгъæуаги æма æдули миутæй фæдздзоргæй. Уой фæсте дæ багъæудзæнæй фæсмон кæнун.

**Мора.** Дæ усхъитæбæл æруæзæ кодтонцæ æгæр берæ фарстатæ. Сæ ралух кæнун дæ бон нæй. Нæ дин фагæ кæнуй, англисæгтæ куд дзорунцæ: мæ хæдзарæ – мæ федар, зæгъгæ, е. Бæлвурддæр ба уæхæн бунæттæ æма дæхе æдасæй кæми æнкъарай. Равзарæ дæхецæн аккаг æрдхуæрдтæ.

**Чернилхуз (фиолетон).** Ду дæ æнкъарагæ, цийнæгæнагæ, рæвдауагæ. Лæдæрис æцæг аййевадæ, сæхемæ дæ ’лвасунцæ сосæгмистикон гъуддæгутæ. Ду цох дæ хæлардзийнадæ æма романтикæй. Дæу фæндуй, цæмæй дæ æстæфонцæ æма ди уонцæ арази. Аци хузæмæ фулдæр æргом æздахунцæ æнагъон сувæллæнттæ æма æнгъæлдзау силгоймæгтæ. Уони алкæд гъæуй, цæмæй сæ иннетæ лæдæронцæ.

**Æрвхуз.** Хуæздæрбæл æй нимайунцæ, æмуæзæгонд уодигъæдæ кæмæн ес, еци адæймæгутæ. Е хъæбæр хуæрзауодæн кæнуй иннетæбæл дæр. Еци-еу рæстæг, уæледарæси кенæ фатери айдагъ æрвхуз, æнæ иннæ хузтæй, æвзурун кæнуй уæн гмарддзийнадæ æма мæтъæлдзийнадæ. Е гъæуй айдагъдæр бæрцæй, уæд дæ гъуддæгутæ цæудзæнæнцæ сабургай æма барстæй. Ду дæ еузæрдиуон æмбал, фал дин дæ цæрди еске æ фий ку тъунса, уæд тæссаг ун дæр зонуй.

**Бор.** Хори тæвди, игъæлдзæгдзийнадæ æма фæсмондзийнади нисан. Фæстезад сувæллæнттæ хуæздæр ахур кæнунцæ, æ фæрстæ бор хурст кæмæн æнцæ, еци къласи. Е хæссуй нервтæ æма сæри хъанз федаргæнæн уолæнтæ. Хуæздæр кæнуй хурфидзаумæутти куст. Дзæбæх кæнуй сæкæрнез, хурфидзаумæуттæ, ревматизм, игæр, ургтæ æма уотæ идарддæр. Иннети нæ сабур кæнгæй, ду римæхсис дæ агъазиау тухархайд. Æнцойнæ уавæри нæ фæууис – агорис æййивддзийнадæтæ æййивддзийнæдти тухxæй.

**Фунукхуз.** Дæ миутæ дин бæрæг кæнуй хебæлхуæцундзийнадæ. Дæ бон æй пайдагун æма æнтæстгин архайд кæнун. Дæу нимайунцæ иннетæй бæрæгдæрбæл, фал е куд зинтæй бафтудæй къохи. Дæ бон æй де ’цæг нисантæ римæхсун, политикæ æма бизнеси æнтæстгинæй ку архайай, уæд.

## ЦИ ДЕССÆГТÆ БА НÆ ФЕГЪОСДЗÆНÆ!..

### ЗИН ÆЙ ТÆРХОНГÆНÆГÆН

Америкаг ахургæндтæ куд банимадтонцæ, уотемæй футболæй гъазæн фæзи тæрхонгæнæг гъазти рæстæг ратъæбæртт кæнуй еуæндæс километрей бæрцæ. Фал карз гъазт ку фæуув, уæдта ратъæбæртт кæнуй инсæй километрей уæнгæ, гъазт бауорамуй дууинсæй хатти, 520 хатти нискъот кæнуй æ уасæнæй.

### НÆ ИН БАТАДÆЙ

Уазал хеди æртæхтæ æргæр-гæр кодтонцæ лондонаг Патрик Уайти фæсонтæбæл, æ хæдзари телевизори æхе банк къахгæй ку фæуууидта, уæд.

Гъуддаг хуарз нæй, загъта лæг, æма æ дзаумæуттæ æмбурд кæнунбæл фæцæй. Фал, гъенур æндæдуар фæууон, зæгъгæ, уотæ ба æ зæрдæ бауазал æй: кадæр нилхъивта дуари дзæнгæрæг. Резгæ къохæй дуар тухамæлттæй райгон кодта æма æ размæ рауидта æ синхаг зæронд уоси.

– Хуцауæй арази, фæййервазтæн, æхецæн зæрдæ райвардта давæг. Фал куд нæ!

– Куддæр дæ экранбæл рауидтон, уотæ пъæлицæмæ радзурдтон,– æ зæрдæ ин ралхæдта зæронд усæ. Фал дессаги рæсугъд къахт ракодтай банк,– æ сæр батилдта зæронд.

Уотемæй Патрик Уайт æрлæудтæй тæрхондони размæ.

### ХÆЗНА АГОРÆГ УАСÆНГÆ

Æстонг уасæнгæн бабæй аци хатт дæр æ гъолæ сах нæ рабадтæй, нард золкъи бæсти æ къæхтæй ку ракъахта бронзæ æма æвзестæ æхцатæ. Раст еци рæстæгти циуавæрдæр Шерон Диден кастæй нормандиаг федар Стенстиди (Англис) сæрæй. Æхцатæ уасæнги къæхти буни ку рауидта, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй. Æдеугурæй хæзнадони разиндтæй минæй фулдæр æхцатæ. Сæ уæле бæрæг адтæй, кæд уагъд æрцудæнцæ, е. Куд рабæрæг æй, уотемæй уони рауагътонцæ римæгтæ нæ эри фиццаг æноси.

### СИНАЙ КÆМИ ÆЙ?

Библий амунд хонх Синай æй, нуриуæнгæ куд нимад цудæй, уотемæй Синайи æрдæгсакъадахбæл нæ, фал израилаг æдзæрæг будур Негеви. Уотæ загъта археологий профессор Эммануэль Анатти, Израили хонсар хаййи æдзæрæг будури хуæнхти къахæн куститæ ку фæцæй, уой фæсте.

Киристон дини куд нимад цæуй, уотемæй, Хуцау Моисейæн нистауæнтæ дори финстæй кæми равардта, еци хонх Синайбæл нимад цæуй хонх Хорив (æ пусулмон ном Джебель –Муса) Синайи æрдæгсакъадахбæл. Фал профессор уой раст нæ хонуй. Æцæг Синай, дан, æй, ка нихусстæй, еци вулкан Киркум. Ес уæхæн æвдесæнтæ дæр æма хонх Киркум коваæндонæбæл нимад цудæй сауæнгæ нæ эри цуппар мин анзей размæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæрæбæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Уруссаг æхсинцъæ ниббухсунгъон æй 40-градусон уазалтæн дæр, фал цæрунгъон ба нæй цъифгун мæри. Дохтиртæ куд амонунцæ, уотемæй æхсинцъæй хуæруйнагæн пайда кæнун агъазгæнæг æй берæ незти нихмæ – рак не ’руадзунæн, бауæри менеугутæ (иммунитет) фæффедардæр кæнунæн, æригондзийнадæ фæддæргъæвæтиндæр кæнунæн… Мадта æ фарсмæ ба циуавæр халсар аразун не ’нгъезуй?**
а) Картоф. б) Къабуска. в) Фидхуасæ.

**2. Сæ дууинсæй анзей бæрæгбон беретæ нæ бæрæг кæнунцæ, уомæн æма, куд исрæуонæ кæнунцæ, сæ ирисхъи хæццæ гъазæнти гъазуйнаг нæ ’нцæ, уомæн æма æууæндунцæ адæмон æвдесæнтæбæл. Дæнцæнæн æрхæссунцæ библийаг дæнцæ: Моисей æдзæрæграуæни æ адæм рахонæ-бахонæ фæккодта дууинсæй анзи. Уогæ фулдæртæ ба æууæндунцæ искæсæйнаг æвдесæнбæл – Азий бæститæй еуеми еци нимæдзи фæсауун, дан, лæууй «мæлæти нисан». Циуавæр æй еци бæстæ?**
а) Малайзи. б) Япони. в) Филиппинтæ.

**3. Ахæст лæгæн ци рæстæг тæрхонгонд æрцудæй, уой дæргъци кæми гъæуама уа, уордигæй æмгъудæй раздæр ку раледза, уæд ин Уæрæсей Федераций Уголовон кодексмæ гæсгæ уæлæнхасæн рæстæг тæрхонгонд æрцæудзæнæй. Мадта ес уæхæн бæстæ, кæцими уæхæн «ледзæг» æфхуæрд нæ цæуй, сауæнгæ 1880 анзи уоми тæрхондонæ уæхæн миуæ банимадта нихxатир кæнуни аккагбæл, уомæн æма адæймаг тундзтæй сæребарæмæ, е ба æй адæймаги бартæн сæ сæйрагдæртæй еу. Циуавæр æй еци бæстæ?**
а) Англи. б) Чехи. в) Германи.

**4. Рагон китайæгтæ куд нимадтонцæ, уотемæй дуйнебæл феникс сæй рæсугъддæр маргъ нæййес. Уонæй хъæбæр æругæс кодта, е сæ бæсти фæццæруй, зунд æма æнцаддзийнадæ си паддзахуæрæгæнæг ку фæууй, уæд, фал си фæллæдзæги уй, тугъдтитæ си ку райеудагъ унцæ, уæд. Дон ба, дан, ниуазуй айдагъдæр адгин сауæрæй. Уæд хуæрун ба циуавæр зайæгойи нæмгутæ уарзуй?**
а) Лотос. б) Бамбук. в) Пириндз.

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 17-аг номери мухургонд фарстатæн.**
1. Хуæруйнаггæнæг. 2. Росси. 3. 1937 анзи. 4. Мазарини. 5. Кольт. 6. Ги де Мопассан

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1139**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 30.05.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 30.05.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**